Manyèl Enfòmasyon sou Egzamen Pwogram *Gifted & Talented* vil Nouyòk 2009-2010

Pou elèv ki fèt an 2004

NYC Department of Education

T&I-12048 (Haitian Creole)

يمكن الاطلاع على النسخ المترجمة لهذا المنشور، معلومات حول اختبار برنامج المتفوقين والموهوبين لسنة 2009-2010 للتلاميذ مواليد سنة 2004، على شبكة الانترنت في الموقع الالكتروني أدناه.	2004 년에 태어난 학생들을 위한 2009-2010 학년도 뉴욕시 영재 프로그램 평가 정보 번역본을 다음 웹사이트에서 검색하실 수 있습니다.
যেসব শিক্ষার্থী ২০০৪ সালে জন্মগ্রহণ করেছে, তাদের জন্য 'নিউ ইয়র্ক সিটি গিফটেড অ্যান্ড ট্যালেন্টেড প্রোগ্রাম টেস্ট ইনফরমেশন ২০০৯ – ২০১০' প্রকাশনার অনূদিত সংস্করণ নিচে উল্লিখিত ওয়েব সাইটে পাওয়া যাবে।	С переводом этой публикации, "Информации о тестировании в 2009-2010 учебном году в программы г. Нью-Йорка для одарённых и талантливых учащихся, родившихся в 2004 г.", можно ознакомиться на нижеуказанном вебсайте.
針對 2004 年出生之學生的出版物《2009 - 2010 學年紐約市資優課程測驗資訊》的翻譯版本可在下列網站上找到。	En el sitio web que figura a continuación, se pueden encontrar las versiones traducidas de la publicación, Información para el examen del Programa de la Ciudad de Nueva York para estudiantes con aptitudes y talentos avanzados de 2009-2010, nacidos en 2004:
Ou ka jwenn piblikasyon Enfòmasyon sou tès pou pwogram *Gifted & Talented* (G&T) 2009-2010 pou elèv ki fèt an 2004 yo nan lòt lang si w ale sou sit wèb ki pi ba a.	اس اشاعت کا ترجمہ شدہ متن، نیو یارک شہر2010-2009 کے گفٹڈ اینڈ تیلینٹڈ پروگرام کے امتحان کی معلومات ان طلبا کے لیے جو کہ 2004 میں پیدا ہوئے ہوں مندرجہ ذیل ویب سائٹ پر حاصل کی جا سکتی ہے۔
Translated versions of this publication, *New York City Gifted & Talented Program Test Information 2009 – 2010 For students born in 2004,* can be found at the website listed below. **http://schools.nyc.gov/Academics/GiftedandTalented/EligibilityApplications.**	

Department of Education

Joel I. Klein
Chancellor

Se Depatman Edikasyon vil Nouyòk ki gen dwa repwodiksyon © 2009 pou liv sa a

Depatman Edikasyon vil Nouyòk aksepte bay Harcourt, Inc. pèmisyon pou reenprime seksyon nan liv sa ak modèl tès OLSAT la.

APÈSI

Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (DOE) ofri pwogram pou elèv douwe *Gifted & Talented* (G&T) ki satisfè kritè kalifikasyon yo. Nan pwogram sa yo, elèv yo gwoupe ansanm nan yon salklas inifòm pandan tout jounen lekòl la epitou yo resevwa ansèyman apwopriye nan tout matyè debaz yo. Rekòmandasyon Depatman an se pou pwofesè timoun yo idantifye kòm timoun ki douwe distenge ansèyman an, ofri opòtinite ranfòsman *enrichment* apwopriye, konprese kourikolòm lan, ak/oswa ale pi vit ak kontni an.

DOE bay tès pou detèmine elèv ki kalifye pou pwogram G&T. Tès la disponib pou tout elèv klas pre-matènèl rive nan Klas 2yèm ane k ap viv nan vil Nouyòk epi ki vle pou yo konsidere yo pou pwogram inifòm G&T otonòm. DOE idantifye elèv douwe yo kòm timoun ki bay pèfòmans nan 90yèm *percentile* oswa pi wo nan egzamen sa yo. Elèv ki fè nòt nan 90yèm *percentile* oswa pi wo kalifye pou pwogram G&T distri a. Elèv ki fè nòt nan 97yèm *percentile* oswa pi wo kalifye pou plasman nan pwogram G&T distri a ak nan pwogram G&T onivo vil la.

Manyèl sa a bay enfòmasyon konsènan pwosesis pou mande pran tès, egzamen yo, kalifikasyon ak plasman, ak sa paran yo kapab fè pou ede pitit yo prepare pou tès yo.

DAT ENPÒTAN POU ANE AKADEMIK 2009/10

Aplikan ki fèt an 2005, 2004, 2003 ak 2002

(Tanpri sonje: Pou plasman elèv klas matènèl, 1ye ane, 2yèm ane ak 3yèm ane nan ane akademik 2010-2011)

7 oktòb 2009 : Manyèl enfòmasyon sou tès ak pwogram pou elèv douwe yo ap disponib sou Entènèt

7 oktòb – 6 novanm 2009: Gichè pou remèt fòmilè Demand tès *Request For Testing* (RFT) la ap ouvri

13 oktòb 2009: manyèl enfòmasyon sou tès ak pwogram pou elèv douwe yo ap disponib nan lekòl yo (ansanm avèk fòmilè demand tès la ak tès pou pratike OLSAT la)

13 oktòb – 23 oktòb 2009 : Sesyon enfòmasyon kominotè

4 janvye – 26 fevriye 2010 : Tès OLSAT oswa BSRA nan lokal lekòl yo pou elèv ki nan lekòl leta

9, 10, 23, 24, 30 ak 31 janvye epi 6 ak 7 fevriye 2010 : Tès OLSAT oswa BSRA nan kèk lokal lekòl pou elèv ki pa nan lekòl leta

Kòmansman mwa Avril 2010 : Y a fè elèv ki kalifye yo konnen rapò nòt ak aplikasyon ki gen lokal G&T ki disponib

Fen mwa Avril 2010 : Delè pou remèt aplikasyon yo

Jen 2010 : Y ap fè paran yo òf plasman

Jen 2010 : Paran yo ap aksepte oswa refize òf plasman an

DEMAND ENFÒMASYON SOU TÈS LA

1. Paran ki enterese fè pitit yo ale nan yon pwogram pou elèv G&T lekòl leta vil Nouyòk dwe ranpli yon fòmilè Demand tès *Request For Testing* (RFT) dabò. Paran yo kapab ranpli swa fòmilè RFT a nan Entènèt swa i fòmilè ki nan manyèl sa a epi remèt fòmilè a nan lekòl leta DOE pitit yo a oswa nan Biwo Enskripsyon *Borough* kote y ap viv la. Paran yo ta dwe remèt yon sèl fòmilè RFT; tanpri pa soumèt de fòmilè.

   Fanmi yo kapab jwenn RFT a sou Entènèt nan sit wèb : http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/applyonline. Fòmilè RFT ki nan Entènèt la pran sèlman kèk minit pou ranpli li. Fanmi ki aplike nan Entènèt yo ap resevwa yon mesaj pa imèl pou fè yo konnen yo resevwa demand yo a. Li rekòmande pou fanmi yo konsève *save* oswa enprime imèl konfimasyon an pou dosye yo.

   Fanmi ki pa genyen aksè nan yon òdinatè lakay yo epi ki vle ranpli yon fòmilè RFT nan Entènèt kapab fè sa nan youn nan pakèt local bibliyotèk piblik vil Nouyòk. Rele 311 pou jwenn yon bibliyotèk bò lakay ou.

   Fanmi ki vle soumèt fòmilè RFT a sou papye ta dwe voye fòmilè yo ranpli a tounen nan lekòl pitit yo (si timoun lan se yon elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk kounye a) oswa nan Biwo Enskripsyon Borough kote y ap viv la (si timoun lan pa yon elèv ki nan lekòl leta Vil Nouyòk kounye a).

Men adrès Biwo Enskripsyon *Borough* yo pi ba a :

Borough	Biwo enskripsyon *Borough*	Distri yo sèvi
Bronx	1 Fordham Plaza, 7th Floor Bronx, NY 10458 Telefòn : 718-741-8495	7, 9, 10
Bronx	1230 Zerega Avenue Bronx, NY 10462 Telefòn : 718-828-2975	8, 11, 12
Brooklyn	1780 Ocean Avenue Brooklyn, NY 11230 Telefòn : 718-758-7687	17, 18, 22
Brooklyn	415 89th Street Brooklyn, NY 11209 Telefòn : 718-759-4914	20, 21
Brooklyn	29 Fort Greene Place Brooklyn, NY 11217 Telefòn : 646-596-1814	13, 14, 15, 16
Brooklyn	1665 St. Mark's Avenue Brooklyn, NY 11233 Telefòn : 718-240-3600	19, 23, 32

Borough	Biwo enskripsyon *Borough*	Distri yo sèvi
Manhattan	333 Seventh Avenue, 12th Floor New York, NY 10001 Telefòn : 212-356-3700	1, 2, 4
Manhattan	388 West 125th Street, 7th Floor New York, NY 10027 Telefòn : 212-342-8300	3, 5, 6
Queens	28-11 Queens Plaza North Long Island City, NY 11101 Telefòn : 718-391-8386	24, 30
Queens	30-48 Linden Place Flushing, NY 11354 Telefòn : 718-281-3791	25, 26
Queens	82-01 Rockaway Boulevard Ozone Park, NY 11416 Telefòn : 718-348-2929	27
Queens	90-27 Sutphin Boulevard Jamaica, NY 11435 Telefòn : 718-557-2774	28, 29
Staten Island	715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301 Telefòn : 718-420-5629	31

2. Elèv yo ap fè tès la sèlman si yo remèt yon fòmilè RFT nan delè yo bay la ki se vandredi 6 novanm 2009.

3. Si pitit ou nan yon lekòl leta vil Nouyòk, lekòl pitit ou a ap fè ou konnen dat tès la. Si pitit ou pa nan yon lekòl leta vil Nouyòk, DOE ap fè w konnen kote pou pitit ou al pran tès la, dat ak lè tès la pa imèl si ou soumèt fòmilè a nan Entènèt, epi pa lapòs sèlman si ou soumèt aplikasyon an sou papye.

ENFÒMASYON SOU EVALYASYON

Kilè timoun yo ap pran tès la?

Elèv ki nan lekòl leta vil Nouyòk	4 janvye 2010 rive 26 fevriye 2010
Elèv ki pa nan lekòl leta vil Nouyòk epi k ap viv nan vil Nouyòk	Wikenn: 9, 10 16, 17, 23, 24, 30 ak 31 janvye, epi 6 ak 7 fevriye 2010

Ki evalyasyon y ap itilize?
DOE ap itilize de zouti evalyasyon yo itilize nan tout nasyon an nan plizyè distri. L ap itilize anmenmtan *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) ak *Bracken School Readiness Assessment* (BSRA) pou bay yon ide global ak byen balanse sou kapasite entelektyèl chak timoun, ak pou yo idantifye elèv k ap rive benefisye si yo patisipe nan yon pwogram G&T inifòm.

Kisa OLSAT mezire?
OLSAT fèt pou mezire kapasite yon elèv pou l rezone, pou l pale, pou detèmine kantite ki pi an rapò ak pwogrè nan lekòl. Li gen ladan l, travay tankou detekte resanblans ak diferans, rapèl mo ak nimewo, definisyon mo, respè kòmann, klasman, kreyasyon sekans, rezolisyon pwoblèm aritmetik, ak finisman analoji etandone yo pwouve yo se mezi valab pou evalye kapasite yon moun pou rezone ak lojik.

OLSAT mezire kapasite koyitif ki gen pou wè ak konpetans yon timoun. Tès sa a evalye kapasite timoun genyen pou reflechi (panse ak rezònman abstrè), epi li pèmèt yon konpreyansyon potansyèl ak feblès timoun pou akonpli divès aktivite rezònman.

Nan tès OLSAT la, y ap evalye timoun nan kat branch : konpreyansyon vèbal, rezònman vèbal, rezònman apati graf, rezònman apati desen. Rezònman vèbal pa vle di kapasite pou pale. Yo prezante tout kesyon yo sou fòma chwa miltip(avèk plizyè repons pou elèv chwazi sa li panse ki bon repons lan).

Ki diferans ki genyen ant seksyon vèbal la ak seksyon ki pa vèbal nan OLSAT?

Kesyon vèbal yo evalye kapasite elèv la pou l konprann mesaj y ap kominike l la (kapasite pou l koute ak atansyon , pou l swiv kòmann ak pou konprann vokabilè moun k ap bay tès la itilize pou pale avèk li). Kesyon ki pa vèbal yo evalye fason yon elèv konprann bagay li wè, bagay ki nan espas ak pwoblèm aritmetik. Gen kat (4) domèn : de (2) domèn vèbal ak de (2) domèn ki pa vèbal.:

1. Konpreyansyon vèbal (Vèbal) : Mezire kapasite timoun lan pou dechifre enfòmasyon oswa pou reyaji sou enfòmasyon lè l ap koute mesaj y ap kominike l la, sa vle di lè l ap swiv kòmann yo ba li.
2. Rezònman vèbal (Vèbal) : Mezire kapasite timoun lan pou dekouvri modèl oswa relasyon ak kapasite pou rezoud pwoblèm grasa langaj li itilize tankou rezònman oditifl ak rezònman aritmetik.
3. Rezònman apati graf (ki pa Vèbal) : Evalye kapasite timoun lan pou rezone lè l itilize reprezantasyon grafik tankou fason pou klase imaj, pou fè analoji ant imaj ak imaj ki nan yon seri.
4. Rezònman apati desen (ki pa Vèbal) : Evalye kapasite timou lan pou rezone san l pa itilize langaj, sa vle di fason pou li klase imaj, pou l detèmine imaj ki sanble, matris yon modèl ak fòm nan yon seri.

Kisa BSRA evalye?

BSRA fèt pou evalye kapasite pou konprann konsèp ak kapasite pou konprann mesaj yon timoun pou prepare l pou lekòl. BSRA gen sis premye *subtests* yo nan Barèm konsèp debaz Bracken *Bracken Basic Concept Scale* (BBCS) yo ladan l. Etandone gen yon gwo relasyon ant nòt total nan BBCS (11 *subtests*) ak BSRA (6 *subtests*), DOE pral bay BSRA ki pi kout la ansanm ak OLSAT.

Kisa chak seksyon BSRA evalye presizeman?
Gen 6 seksyon ke nou defini pi ba a :

1. Koulè : Mezire konesans ak kapasite yon timoun pou li rekonèt koulè.
2. Lèt : Mezire konesans yon timoun nan lèt majiskil ak lèt miniskil.
3. Nonb/Nimerasyon : Mezire fason yon timoun rekonèt nonb ki gen yon sèl chif oswa nonb ki gen de (2) chif, epi li endike kapasite timoun lan pou bay yon total pou yon seri bagay.
4. Dimansyon : Mezire konesans yon timoun ak fason li rekonèt mo tankou wo, long, kout, gwo, piti, ak epè.
5. Konparezon : Mezire kapasite yon timoun pou asosye ak diferansye objè dapre yonn oswa plizyè karakteristik objè yo.
6. Fòm : Mezire kapasite yon timoun pou konpran fòm ki gen yonn, de, ak twa dimansyon.

Ki nòm OLSAT ak BSRA itilize pou mezire kapasite elèv yo?
Edikatè, espesyalis evalyasyon ak sikològ revize kòmsadwa chak kesyon tès OLSAT la pou fè sèten yo se bon kalite kesyon epi yo pa nan avantaj yon gwoup kèlkonk, tankou yon seri moun dapre sèks yo, kategori etnik yo oswa ras yo. Yo revize kesyon yo pou wè si yo klè, si kontni an kòrèk, si repons kòrèk yo presi, si gen vrèsanblans nan chwa repons yo, si vokabilè a kòrèk, si pa gen estereyotip oswa patipri kèlkonk ak kalite jeneral .

Yo analize dapre metòd estatistik epi yo evalye difikilte yo, fyabilite, rigè ak patipri ak efikasite tout kesyon nan BSRA yo pou chak gwoup laj ak pou chak *subtest*.

Yo fè rechèch sou fyabilite ak sou validite, epi toude tès yo bay bon prèv fyabilite ak validite. Fyabilite vle di akzaktitid ak presizyon nan nòt tès yo. Validite vle di nan ki pwen tès yo mezire sa moun yo panse mezire.

Kouman paran ka ede pitit yo prepare yo?
Gen plizyè bagay paran ka fè pou ede pitit yo pare yo pou evalyasyon G&T yo. Paran dwe fè sèten pitit yo byen dòmi, epi manje yon repa byen balanse anvan l pran OLSAT ak BSRA. Paran yo ka ede tou pèfòmans pitit yo lè yo kalme lespri yo osijè egzamen an. Paran yo ta dwe ankouraje pitit yo pou fè tès yo pi byen tou, pandan y ap fè yo sonje yo pa atann pou yo konnen repons pou chak kesyon. Ankourajman paran yo kapab genyen yon enpak pozitif sou nòt tès yon timoun.

Anvan yo bay vrè egzamen OLSAT la, paran yo ta dwe revize materyèl pou pratike egzamen OLSAT la avèk pitit yo. Yo ka itilize tès pratik sa a pou familyarize timoun lan avèk kesyon y ap poze nan tès la ak estrikti tès la. Paran yo ka revize tou konsèp debaz ke elèv yo ta ka plis gen chans jwenn nan BSRA a. Paran yo ta dwe li ak revize tout enfòmasyon yo resevwa sou eksperyans yo fè pandan egzamen an. Byenke n ap ba w yon modèl egzamen OLSAT la pou pratike egzamen an, ou dwe itilize l sèlman pou familyarize timoun piti a pou l fè eksperyans nan pran tès la ak kèk kesyon egzamen an. Tanpri sonje nou pa p atann pou timoun piti (timoun katran ki fèt an 2005), nwasi ti wonn yo mete pou tcheke repons yo. Moun k ap bay egzamen an ap note repons yo.

Si, nan jijman direktè oswa sipèvizè lokal la, yon elèv te genyen tès la anvan oswa yo bay li èd pou fè tès la oswa li te jwenn èd yon lòt moun pandan tès la, direktè oswa sipèvizè lokal la dwe swiv pwosedi disiplin NYCDOE pou elèv ki pran poul la epitou anile tès elèv la. Yo pa kapab soumèt tès yo anile yo pou koreksyon.

Èske y ap bay egzamen yo nan lang ki pa lang Angle?
Wi, dokiman ki gen rapò ak pwogram evalyasyon Depatman Edikasyon vil Nouyòk ap disponib pou elèv ki pa pale anglè byen, tankou elèv ki pale Arab, Bangali, Chinwa (Kantonè ak Mandaren), Kreyòl ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl ak Oudou.

Kimoun k ap korije egzamen yo?
Y ap voye tès OLSAT ak BSRA yo tounen nan Pearson Assessment pou egzamine yo ak korije yo. Se edikatè fòme k ap administre tès sa yo.

Kouman y ap kalkile nòt yo?
Y ap melanje nòt OLSAT ak nòt BSRA yo ansanm pou kreye yon ran percentile total. Nòt OLSAT ap konte pou 75 % epi nòt BSRA ap konte pou 25 % pou kreye yon ran percentile total pou G&T.

Kisa yon ran percentile ye?
Yon ran percentile montre pozisyon relatif yon elèv parapò ak lòt elèv menm laj la. Yon percentile pa menm bagay ak pousantaj repons kòrèk. Ran percentile yo itil pou montre klasman elèv yo nan yon gwoup, men yo pa ta dwe itilize yo pou dekri diferans ant nòt de oswa plis elèv.

Èske ran percentile la baze sou klas oswa laj timoun lan?
Yo kreye ran percentile la dapre laj timoun lan; yo konpare chak timoun ak lòt timoun ki nan menm tranch laj twa mwa. Kidonk, tout ran percentile yo montre pozisyon elèv la parapò ak lòt elèv menm laj, pa menm klas.

Kilè rezilta yo ap disponib?
Apre yo fin bay tès ak korije yo, paran yo ap resevwa yon rapò nòt la pa lapòs. Se sèl elèv ki fè nòt nan 90yèm percentile la oswa ki depase l k ap resevwa yon fòmilè aplikasyon pou G&T. Li enpòtan anpil pou paran yo ba nou adrès resan ki konplè ak enfòmasyon sou jan pou kontakte yo. Tanpri tcheke sit wèb nou tanzantan pou jwenn enfòmasyon ak dat espesifiko konsènan rapò sou nòt elèv yo ak aplikasyon pou pwogram lan.

Si adrès ou chanje apre ou fin soumèt fòmilè RFT a, pa bliye mete enfòmasyon sou adrès kay ou ajou.

1. Si pitit ou nan yon lekòl leta vil Nouyòk kounye a, fè sèten lekòl pitit ou a mete nouvo adrès ou a ajou.
2. Si pitit ou pa nan yon lekòl leta vil Nouyòk epi ou te soumèt yon fòmilè RFT nan Entènèt, ou kapab mete enfòmasyon yo ajou nan Entènèt, nenpòt lè.
3. Si pitit ou pa nan yon lekòl leta vil Nouyòk epi ou te soumèt yon fòmilè RFT sou papye, tanpri kontakte Biwo Pwogram G&T nan ES_Enrollment@schools.nyc.gov pou fè yo mete enfòmasyon w yo ajou nan baz done a.

PWOSESIS APÈL POU BAY TÈS LA

Èske gen yon pwosesis apèl pou bay tès la?
Si paran yo vle rapòte yon pwoblèm ki gen pou wè ak fason yo bay tès la, **yo dwe rapòte pwoblèm lan alekri nan 48 èdtan** apati lè yo fin bay tès la. Yo dwe rapòte pwoblèm yo alekri oswa pa imèl ba *Division of Accountability & Achievement Resources* nan 48 èdtan apre yo fin bay tès la nan adrès :

DAAR, G&T Test Administration
52 Chambers Street, Room 309
New York, NY 10007
OAServicedesk@schools.nyc.gov

Pou lòt kesyon ki gen pou wè ak Evalyasyon yo, tanpri kontakte
The Accountability Service Desk nan 212-374-6646.

ELIJIBLITE AK PLASMAN

Ki kritè pitit mwen an dwe satisfè pou li kapab kalifye pou yon pwogram G&T distri?

1. Pitit ou a bezwen yon nòt ki nan 90yèm *percentile* oswa pi wo.
2. Pitit ou a dwe abite nan sektè yon distri ki gen pwogram G&T pou distri a. N ap eseye gen omwen yon pwogram G&T nan chak distri. Men, si pa gen ase timoun ki kalifye pou louvri yon klas G&T nan yon distri anpatikilye, n ap ofri elèv kalifye sa yo plasman nan yon distri ki nan vwazinaj la.

Ki kritè pitit mwen dwe satisfè pou li kapab kalifye pou yon pwogram G&T vil La?

1. Pitit ou a bezwen fè yon nòt ki nan 97yèm *percentile* oswa pi wo.
2. Pitit ou fèt pou ap viv nan vil Nouyòk nan moman an.

Elèv ki fè nòt ki nan 97yèm *percentile* oswa pi wo kalifye pou pwogram vil la ak pou pwogram distri pa yo. Pwogram G&T vil la sèvi elèv ki kalifye nan tout senk borough yo. Men, pa gen garanti yon elèv ap jwenn yon plas nan yon pwogram G&T vil la.

Si pitit mwen an kalifye, kouman y ap detèmine plasman l?
Plasman an baze sou priyorite pou frè ak sè, sou nòt la (ran precentile), sa fanmi an prefere (fason yo klase chwa yo), ak plas ki disponib yo. Y ap mete elèv yo sèlman nan lekòl ki di yo genyen plas disponib.

Tout ti frè ak ti sè ki fè nòt nan limit kalifikasyon an (90yèm percentile oswa pi wo pou pwogram distri a ak 97yèm *percentile* oswa pi wo pou pwogram vil la) ap jwenn yon plas nan lekòl frè ak sè yo, depi :

1. Genyen ase plas pou tout aplikan frè ak sè ki kalifye (kapab genyen plis frè ak sè ki kalifye pase plas ki disponib)
2. Frè oswa sè ki pi gran an nan klas matènèl rive nan klas 4yèm ane,

Sonje: Si premye priyorite ou se pou pitit ou a jwenn yon plas nan pwogram G&T nan lekòl frè ak sè li, nou ankouraje ou pou endike lekòl frè ak sè pitit ou a kòm premye chwa ou. Si ou klase yon lòt pwogram G&T kòm premye chwa olye lekòl frè ak sè pitit ou a, yo ka mete pitit ou a nan yon lekòl ki diferan ak lekòl frè ak sè li.

Sa k ap pase lè timoun yo gen menm priyorite plasman epi yo vle yon plas nan menm pwogram lan?
Nan nenpòt gwoup priyoritè, si genyen plis elèv ki aplike pase plas ki disponib, y ap bay elèv yo plas pa tirajosò nan gwoup priyoritè sa a.

Si pitit mwen fè nòt nan nivo 90yèm percentile oswa pi wo, èske pitit mwen gen garanti pou li jwenn yon òf G&T?
Sèl aplikan ki gen garanti pou yon òf nan pwogram G&T se elèv ki aplike pou yon plas nan **matènèl oswa klas 1ye ane ki klase tout chwa distri** ki endike sou fòmilè aplikasyon yo. Answit, aplikan sa yo gen garanti y ap jwenn yon òf nan yon pwogram G&T distri a, menm si yo kapab jwenn yon òf nan yon pwogram G&T vil la si yo kalifye ak si yo klase l kòm youn nan chwa yo. **Pa genyen okenn garanti òf nan okenn pwogram G&T vil la.**

Èske pitit mwen gen garanti pou yon òf G&T paske li te fè nòt nan nivo 99yèm percentile?
Genyen anpil timoun ki fè nòt nan nivo 99yèm percentile. Akòz gwo kantite elèv ki fè nòt nan nivo 99yèm percentile, jeneralman, pwogram G&T yo pi pito yo ranpli sèlman avèk frè ak sè ki kalifye ak/oswa ak timoun ki fè nòt nan nivo 99yèm percentile. Kidonk, anpil fanmi ki genyen timoun ki fè nòt nan nivo 99yèm percentile, men ki chwazi pou mete sèlman kèk lekòl kapab pa resevwa yon òf.

Si pitit mwen te fè nòt nan nivo 97yèm percentile oswa pi wo epi li pa t resevwa yon òf nan yon pwogram onivo vil la, men pito nan yon pwogram distri a, èske l ap oblije repran tès la pou yo kapab konsidere li pou yon plasman onivo vil la ane pwochèn?
Wi. Pitit ou a ap bezwen repran tès la pou yo kapab konsidere li pou yon plasman nan pwogram onivo vil la pou ane pwochèn.

Lekòl ki pou sektè pitit mwen an genyen yon pwogram G&T. Èske mwen genyen priyorite oswa garanti yon òf nan pwogram lan?
Non. Pwogram G&T distri a la pou sèvi tout elèv ki nan distri a.

Èske mwen dwe klase tout pwogram pitit mwen kalifye pou yo a?
Non. Ou ta dwe sèlman endike pwogram ou enterese pou fè pitit ou patisipe ladan. Men, sonje si pitit ou a ap antre nann klas matènèl oswa nan klas 1ye ane epi ou vle yon gen garanti pou yon of nan yon pwogram G&T nan distri w la, ou dwe klase tout chwa distri pitit ou kalifye pou yo a.

Kisa k ap pase si pitit mwen pa resevwa yon òf G&T oswa si mwen refize òf mwen resevwa ane sa a?
Nan kèk ka ki ra, kèk pwogram G&T kapab genyen yon ti kantite plas ki vin disponib akòz elèv ki pa prezante yo pa t prevwa. Y ap mete timoun ki kalifye nan plas sa yo epi y ap detèmine òf yo dapre menm kritè ak premye plasman yo; as vle di priyorite pou frè ak sè, nòt (ran percentile), preferans fanmi (chwa pwogram yo klase), ak plas ki disponib.

Pitit mwen pral genyen laj 6 lane anvan 31 desanm 2010. Èske l ap kalifye pou yon klas matènèl G&T?
Dat yon timoun fèt ap detèmine plasman li nan klas nan yon lekòl leta vil Nouyòk. Si yon timoun pral genyen laj 6 lane anvan 31 desanm 2010 (li te fèt an 2004), timoun lan genyen obligasyon pou al lekòl epitou li kalifye pou plasman klas 1ye ane G&T men pa pou klas matènèl G&T.

Si mwen genyen de timoun kalifye oswa plis ki aplike nan pwogram G&T, kijan pou mwen endike mwen vle pou yo ale nan menm lekòl?
Si ou pito pou pitit ou yo ale nan menm lekòl la, ou dwe ranpli yon fòmilè aplikasyon pou chak timoun apa epi ou dwe klase menm lekòl yo nan menm lòd ou fè chwa a sou toulède fòmilè aplikasyon yo. Ou dwe bay tou enfòmasyon sou sè ak frè timoun lan nan seksyon “Frè ak Sè” ki nan fòmilè aplikasyon an.

Mwen genyen de timoun ki pran tès la pou antre nan yon pwogram G&T. Mwen ta renmen yo toulède ale nan menm lekòl la, men sèlman youn ladan yo te fè nòt nan limit kalifikasyon an pou yon pwogram G&T. Kisa mwen kapab fè?
Ou kapab ranpli yon fòmilè Demand Eksepsyon pou Plasman *Placement Exception Request* (PER) pou elèv ki pa kalifye a ale nan pwogram edikasyon jeneral nan menm lekòl la, depi genyen plas ki disponib. Ou kapab ranpli yon fòmilè PER nan Biwo Enskripsyon borough kote w ap viv la.

Pi gran pitit mwen an nan yon pwogram G&T. Mwen ta renmen pi piti a ale nan menm lekòl la, men li pa t fè nòt nan limit kalifikasyon an. Kisa mwen kapab fè?
Si yon pi piti frè oswa sè pa fè nòt nan limit kalifikasyon an pou pwogram G&T pi gran frè ak sè li, li kapab ranpli yon aplikasyon PER pou ale nan pwogram edikasyon jeneral yo ofri nan menm lekòl la, depi genyen plas ki disponib. Ou kapab ranpli yon fòmilè PER nan Biwo Enskripsyon borough kote w ap viv la.

LEKÒL KI HEN KLAS G&T DAPRE KLAS AN 2009-2010

Si pitit mwen kalifye, ki pwogram G&T ki disponib?
Men yon lis lekòl ki ofri pwogram G&T dapre klas pi ba a. X vle di genyen yon pwogram G&T nan lekòl la pou klas ki endike a an 2009-2010. Tanpri sonje : se pa tout lekòl ki ofri pwogram G&T an 2009-2010 k ap genyen pwogram G&T la ane pwochèn, epitou kèk lekòl ki pa nan lis la kapab kòmanse nouvo klas G&T yo an 2010-2011.

Chak ane, DOE detèmine kantite pwogram ki nesesè dapre distri ak dapre kantite elèv ki satisfè kondisyon kalifikasyon an. W ap jwenn yon lis konplè pwogram ki disponib pou pitit ou nan fòmilè aplikasyon G&T la.

Borough	Distri	Kòd lekòl la (DBN)	Non Lekòl la	Matè nèl	1ye Ane	2yèm Ane	3yèm Ane	4yèm Ane	5yèm Ane
M	01	01M110	P.S. 110 Florence Nightingale	X	X	X	X	X	X
M	01	01M539*	New Explorations into Science, Technology and Math School (NEST+M)*	X	X	X	X	X	X
M	02	02M011	P.S. 011 William T. Harris	X	X	X	X	X	X
M	02	02M033	P.S. 033 Chelsea Prep	X					
M	02	02M077	P.S. 77 Lower Lab School	X	X	X	X	X	X
M	02	02M116	P.S. 116 Mary Lindley Murray		X	X	X	X	X
M	02	02M124	P.S. 124 Yung Wing	X	X	X	X	X	X
M	02	02M130	P.S. 130 Hernando De Soto	X	X	X	X	X	X
M	02	02M217	P.S./I.S. 217 Roosevelt Island	X					
M	03	03M009	P.S. 009 Sarah Anderson	X	X	X	X	X	X
M	03	03M145	P.S. 145, The Bloomingdale School	X		X		X	X
M	03	03M163	P.S. 163 Alfred E. Smith	X	X	X	X	X	X
M	03	03M165	P.S. 165 Robert E. Simon			X	X	X	X
M	03	03M166	P.S. 166 The Richard Rodgers School of The Arts and Technology	X	X	X	X	X	X
M	03	03M191	P.S. 191 Amsterdam		X	X	X	X	X
M	03	03M334*	The Anderson School *	X	X	X	X	X	X
M	04	04M012*	TAG Young Scholars *	X	X	X	X	X	X
M	05	05M046	P.S. 046 Arthur Tappan			X	X	X	X
M	05	05M129	P.S. 129 John H. Finley	X	X	X	X	X	
M	05	05M154	P.S. 154 Harriet Tubman		X		X	X	
M	06	06M098	P.S. 098 Shorac Kappock		X	X	X		X
M	06	06M152	P.S. 152 Dyckman Valley			X	X	X	X
M	06	06M153	P.S. 153 Adam Clayton Powell	X	X	X	X	X	
X	07	07X005	P.S. 005 Port Morris				X		
X	08	08X182	P.S. 182	X	X		X	X	
X	09	09X053	P.S. 053 Basheer Quisim				X		
X	09	09X109	P.S. 109 Sedgwick				X		
X	10	10X007	P.S. 007 Kingsbridge	X	X				
X	10	10X024	P.S. 024 Spuyten Duyvil	X	X	X	X		
X	11	11X121	P.S. 121 Throop	X	X	X	X		
X	11	11X153	P.S. 153 Hellen Keller		X	X	X	X	X
X	12	12X214	P.S. 214	X	X	X	X	X	X
K	13	13K003	P.S. 003 The Bedford Village	X		X	X	X	X
K	13	13K009	P.S. 009 Teunis G. Bergen	X	X	X	X	X	X
K	13	13K020	P.S. 020 Clinton Hill			X	X	X	X
K	13	13K282	P.S. 282 Park Slope	X	X	X	X	X	X
K	14	14K132	P.S. 132 The Conselyea School	X	X	X			
K	14	14K297	P.S. 297 Abraham Stockton				X		

Borough	Distri	Kòd lekòl la (DBN)	Non Lekòl la	Matè nèl	1ye Ane	2yèm Ane	3yèm Ane	4yèm Ane	5yèm Ane
K	15	15K001	P.S. 001 The Bergen			X	X	X	X
K	15	15K010	Magnet School of Math, Science and Design Technology	X	X				
K	15	15K038	P.S. 038 The Pacific			X	X	X	X
K	15	15K230	P.S. 230 Doris L. Cohen	X	X	X	X	X	X
K	16	16K040	P.S. 040 George W. Carver		X	X	X		
K	17	17K138	P.S. 138 Brooklyn		X	X		X	
K	17	17K161	P.S. 161 The Crown	X	X	X	X	X	X
K	17	17K189	P.S. 189 Lincoln Terrace			X	X	X	X
K	17	17K375	P.S. 375 Jackie-Robinson School				X	X	X
K	18	18K114	P.S. 114 Ryder Elementary			X	X	X	X
K	18	18K115	P.S. 115 Daniel Mucatel School	X	X	X	X	X	X
K	18	18K208	P.S. 208 Elsa Ebeling			X	X	X	X
K	18	18K233	P.S. 233 Langston Hughes		X	X	X	X	X
K	18	18K276	P.S. 276 Louis Marshall			X	X	X	X
K	18	18K279	P.S. 279 Herman Schreiber				X	X	
K	19	19K159	P.S. 159 Isaac Pitkin			X	X	X	X
K	19	19K202	P.S. 202 Ernest S. Jenkyns			X	X	X	X
K	19	19K273	P.S. 273 Wortman			X	X	X	X
K	19	19K346	P.S. 346 Abe Stark			X	X	X	X
K	20	20K102	P.S. 102 The Bayview	X	X	X	X	X	X
K	20	20K104	P.S./I.S. 104 The Fort Hamilton School			X	X	X	X
K	20	20K105	P.S. 105 The Blythebourne			X	X	X	X
K	20	20K176	P.S. 176 Ovington	X	X	X	X	X	X
K	20	20K180	The SEEALL Academy			X	X	X	X
K	20	20K185	P.S. 185 Walter Kassenbrock		X	X	X	X	X
K	20	20K200	P.S. 200 Benson School	X	X	X	X	X	X
K	20	20K204	P.S. 204 Vince Lombardi	X	X	X	X	X	X
K	20	20K229	P.S. 229 Dyker	X	X	X	X	X	X
K	20	20K503	PS 503: The School of Discovery					X	X
K	20	20K686*	The Brooklyn School of Inquiry *	X	X				
K	21	21K095	P.S. 095 The Gravesend	X					
K	21	21K099	P.S. 099 Isaac Asimov	X	X	X	X	X	X
K	21	21K188	P.S. 188 Michael E. Berdy		X	X	X	X	X
K	21	21K212	P.S. 212 Lady Deborah Moody			X	X	X	X
K	21	21K215	P.S. 215 Morris H. Weiss	X	X	X	X	X	X
K	21	21K329	P.S. 329 Surfside			X	X	X	X
K	22	22K052	P.S. 052 Sheepshead Bay	X	X	X	X	X	X
K	22	22K109	P.S. 109			X	X	X	X
K	22	22K119	P.S. 119 Amersfort				X	X	X
K	22	22K134	P.S. K134			X	X	X	X
K	22	22K139	P.S. 139 Alexine A. Fenty			X	X	X	X
K	22	22K152	School of Science & Technology		X	X	X	X	X
K	22	22K193	P.S. 193 Gil Hodges	X	X	X	X	X	X
K	22	22K194	P.S. 194 Raoul Wallenberg			X	X	X	X
K	22	22K195	P.S. 195 Manhattan Beach		X	X	X	X	X
K	22	22K197	P.S. 197 Brooklyn			X	X	X	X
K	22	22K198	P.S. 198 Brooklyn			X	X	X	X
K	22	22K203	P.S. 203 Floyd Bennett			X	X	X	X
K	22	22K206	P.S. 206 Joseph F Lamb	X	X	X	X	X	X
K	22	22K207	P.S. 207 Elizabeth G. Leary	X	X		X	X	X
K	22	22K217	P.S. 217 Colonel David Marcus School		X	X	X	X	X

Borough	Distri	Kòd lekòl la (DBN)	Non Lekòl la	Matè nèl	1ye Ane	2yèm Ane	3yèm Ane	4yèm Ane	5yèm Ane
K	22	22K236	P.S. 236 Mill Basin	X	X	X	X	X	X
K	22	22K251	P.S. 251 Paerdegat			X	X	X	X
K	22	22K254	P.S. 254 Dag Hammarskjold			X	X	X	X
K	22	22K255	P.S. 255 Barbara Reing School			X	X	X	X
K	22	22K269	P.S. 269 Nostrand					X	
K	22	22K277	P.S. 277 Gerritsen Beach			X	X	X	X
K	22	22K312	P.S. 312 Bergen Beach		X	X	X	X	X
K	22	22K315	P.S. K315		X	X	X	X	X
K	22	22K326	P.S. 326			X			
K	23	23K041	P.S. 041 Francis White				X	X	
K	23	23K323	P.S./I.S. 323			X			
Q	24	24Q016	P.S. Q016	X	X	X	X	X	X
Q	24	24Q091	P.S. 091 Richard Arkwright				X	X	
Q	24	24Q153	P.S. 153 Maspeth Elem		X	X	X	X	X
Q	25	25Q021	P.S. 021 Edward Hart	X	X	X			
Q	25	25Q032	P.S. 032 State Street	X	X	X			
Q	25	25Q079	P.S. 079 Francis Lewis					X	X
Q	25	25Q165	P.S. 165 Edith K. Bergtraum		X	X	X	X	X
Q	25	25Q209	P.S. 209 Clearview Gardens	X	X	X	X	X	X
Q	26	26Q018	P.S. 018 Winchester			X	X	X	X
Q	26	26Q115	P.S. 115 Glen Oaks		X	X			
Q	26	26Q188	P.S. 188 Kingsbury	X	X	X	X	X	X
Q	26	26Q203	P.S. 203 Oakland Gardens	X	X	X			
Q	27	27Q056	P.S. 056 Harry Eichler				X	X	X
Q	27	27Q106	P.S. 106			X	X	X	X
Q	27	27Q108	P.S. 108 Captain Vincent G. Fowler	X	X	X	X		
Q	27	27Q124	P.S. 124 Osmond A Church			X	X	X	X
Q	27	27Q183	P.S. 183 Dr. Richard R. Green			X	X	X	X
Q	27	27Q232	P.S. 232 Lindenwood	X	X	X	X	X	X
Q	27	27Q333	Goldie Maple Academy			X	X	X	X
Q	28	28Q050	P.S. 050 Talfourd Lawn Elementary School				X		
Q	28	28Q099	P.S. 099 Kew Gardens				X		
Q	28	28Q101	P.S. 101 School in the Gardens			X			
Q	28	28Q144	P.S. 144 Col Jeromus Remsen			X			
Q	28	28Q174	P.S. 174 William Sidney Mount	X	X	X			
Q	28	28Q220	P.S. 220 Edward Mandel	X	X				
Q	29	29Q135	The Bellaire School			X	X	X	X
Q	29	29Q176	P.S. 176 Cambria Heights	X	X	X	X		
Q	30	30Q085*	STEM* / P.S. 085 Judge Charles Vallone	X	X	X			
Q	30	30Q122	P.S. 122 Mamie Fay	X	X		X	X	X
Q	30	30Q150	P.S. 150 Queens	X	X	X	X	X	X
R	31	31R003	P.S. 003 The Margaret Gioiosa School	X	X	X			
R	31	31R029	P.S. 029 Bardwell	X	X	X			
R	31	31R031	P.S. 031 William T. Davis				X	X	X
R	31	31R050	P.S. 050 Frank Hankinson	X	X	X	X	X	X
R	31	31R069	P.S. 069 Daniel D. Tompkins	X	X	X	X	X	X
K	32	32K376	P.S. 376	X	X	X	X	X	X

* endike pwogram regilye onivo vil la

Nòt – Pwogram G&T kapab chanje.

SÈVIS TRANSPÒ

Si pitit mwen an jwenn yon plas nan yon pwogram G&T, èske y ap ofri l mwayen transpò?
Plasman nan yon pwogram G&T pa garanti sèvis otobis lekòl la. Mwayen transpò pou pwogram G&T gen menm règleman ak rès elèv nan Edikasyon jeneral. Anpatikilye, si pwogram pitit ou ye a nan yon distri ki pa menm ak distri ou abite a, **pa p gen** mwayen transpò disponib nan otobis lekòl la, men DOE ap bay pitit ou yon *MetroCard*. Si pwogram pitit ou ye a se nan distri ou abite a, DOE ap itilize toudabò tablo pi ba a pou detèmine si wi oswa non pitit ou ap jwenn mwayen transpò gratis.

KLAS	DISTANS POU PITIT MWEN MACHE SOT LAKAY LI POU RIVE LEKÒL			
	Mwens pase ½ *mile*	**½ *mile* oswa plis, men mwens pase *1 mile***	***1 mile* oswa plis**	
Matènèl-2yèm ane	**Lese-pase mwatye pri pou otobis MTA**	**Otobis jòn oswa *MetroCard***	**Otobis jòn oswa *MetroCard***	
3yèm-4yèm ane	**Yo pa p bay mwayen transpò**	**Lese-pase mwatye pri pou otobis MTA**	**Otobis jòn oswa *MetroCard***	

Si pitit ou a tonbe nan kategori nou mete pi wo yo pou klas l ap fè a ak pou distans li gen pou mache pou l ale lekòl ki koresponn ak avantaj "Otobis jòn oswa *MetroCard*," pitit ou ap jwenn otobis jòn lekòl la si

1. Lekòl la aplike nan Biwo pou transpò elèv *Office for Pupils Transportation* (OPT) pou sèvis Otobis jòn.
2. Elèv la abite nan menm distri ak lekòl la, **epi**
3. DOE ka rive ka elèv la ak omwen 10 lòt elèv lè nou pase nan yon wout pou otobis ki pa depase yon longè *5 miles*.

Elèv kalifye ki pa satisfè kritè sa yo ap gen yon *MetroCard.* Sa vle di yon timoun Jadendanfan ki pa kalifye ap gen yon *MetroCard* si li ale lekòl nan yon lòt distri oswa si se sèl moun nan lekòl li a ki abite lwen ase ak lekòl la sa lakòz DOE pa kapab kreye yon itinerè otobis pou 11 moun oswa sou yon distans *5 miles.*

Genyen yon eksepsyon nan sèvis transpò a. Elèv ki ale nan pwogram G&T onivo vil la pa oblije ap viv nan menm distri ak lekòl yo pou yo konsidere yo kòm elèv ki kalifye pou sèvis transpò; yo dwe ap viv nan menm borough a. Tout lòt règleman kaliffikason yo aplike.

Pou jwenn enfòmasyon sou estasyon otobis ki nan lekòl espesifik yo, tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.

Pou jwenn lòt enfòmasyon sou kalifiaksyon pou sèvis transpò, tanpri ale sou sit wèb:
http://schools.nyc.gov/Offices/Transportation/ParentResources/GeneralEducationEligibility.

LÒT ENFÒMASYON

Apre peryòd pou soumèt fòmilè RFT a fini nan dat 6 novanm 2009, y ap afiche mizajou konsènan pwosesis admisyon an sou Entènèt nan sit wèb G&T : http://schools.nyc.gov/Academics/GiftedandTalented

Si pitit mwen deja nan yon pwogram G&T yon distri, èske li bezwen pran yon lòt tès ankò?
Timoun ki deja nan yon pwogram G&T yon distri **PA** ta dwe ranpli fòm RFT a amwenske yo vle yo konsidere yo pou plasman nan yon pwogram G&T vil la.

Elèv ki deja nan yon pwogram G&T distri pa gen pou pran tès ankò pou pwogram G&T yon lòt distri etandone nou **pa** transfere elèv ki nan pwogram G&T yon distri nan pwogram G&T yon lòt distri. Sizoka yon fanmi al abite nan yon distri diferan, epi gen yon pwogram G&T nan nouvo distri li abite a, n ap konsidere yon transfè toutotan gen plas disponib nan nouvo distri li abite a.

Si yon paran mande pou yo evalye pitit li ki se yon elèv G&T yon distri, pou youn nan pwogram G&T vil nou site pi wo a, epi yo detèmine elèv la pa kalifye pou pwogram G&T vil la, nòt sa a p ap gen okenn enpak sou kondisyon aktyèl elèv la nan pwogram G&T yon distri, epitou elèv la kapab rete nan pwogram G&T distri li ye a.

Mwen pa abite nan vil Nouyòk, men fanmi mwen ap vin viv nan Nouyòk apre dat limit pou soumèt fòm RFT a. Èske yo ka toujou konsidere pitit mwen an pou pwogram lan?
Ou **pa** ka ranpli yon aplikasyon, ni pitit ou yo **pa** ka pran yon tès anvan ou abite anpèmanans nan vil Nouyòk. Ou pa ka ranpli yon aplikasyon pou pwogram nou yo pazavan pitit ou yo vini pou enskri nan yon lekòl leta nan vil Nouyòk.

Depi w vin abite anpèmanans nan vil Nouyòk, tanpri al nan yon biwo enskripsyon nan borough yo. Yon fonksyonè ki responsab plasman nan biwo a dwe ka ba w kèk konsèy. Ap gen yon biwo ki responsab pou bay egzamen pandan ete pou nouvo elèv ki fèk rantre nan vil Nouyòk (elèv sa yo ki rive apre peryòd yo tabli pou pran egzamen yo).

Pou lòt kesyon konsènan Evalyasyon yo, tanpri kontakte
Biwo Sèvis Responsablite nan nimewo 212-374-6646.
OAServicedesk@schools.nyc.gov

Department of Education

FÒM DEMAND POU PRAN TÈS (RTF) G&T

Admisyon nan Pwogram *Gifted & Talented* (G&T) pou ane akademik 2010-2011
(Pou Klas matènèl rive nan klas 3yèm ane)

Eksplikasyon:
Ou kapab swa ranpli fòm lan sou papye sa a, oswa ou kapab ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/ChoiceEnrollment/ApplyOnline pou ranpli yon fòm nan entènèt. Tanpri sonje se sèlman paran oswa gadyen k ap viv nan vil Nouyòk kounye ki kapab soumèt yon fòm RTF pou pitit yo.

Si ou chwazi pou ranpli yon RTF sou papye, tanpri ekri ak lèt detache avèk yon plim ble oswa yon plim nwa sèlman.

- Si pitit ou a nan yon lekòl leta nan vil Nouyòk kounye a, soumèt fòm sa a nan lekòl li a nan dat vandredi 6 novanm 2009 oswa anvan
- Si pitit ou a pa nan yon lekòl leta nan vil Nouyòk kounye a, soumèt fòm sa a nan youn nan Biwo enskripsyon *Borough* nou mete nan do fòm sa a nan dat vandredi 6 novanm 2009 oswa avan.

Enfòmasyon sou Dat Tès 2010 la

ELÈV KI NAN LEKÒL LETA YO: Elèv lekòl leta yo (*charter school* pa landan l) ap pran tès la nan lekòl kote yo ye a. Peryòd y ap bay tès la se lendi 4 janvye 2010 rive vandredi 26 fevriye 2010. Lekòl ou a ap fè w konnen dat egzat tès la.

ELÈV KI PA NAN LEKÒL LETA YO: Elèv ki pa nan lekòl leta ak elèv *charter school* ap pran tès nan yon jou wikenn. Tès la ap fèt nan youn nan jou sa yo : 9, 10, 23, 24, 30 ak 31 janvye, epi 6 ak 7 fevriye 2010. Biwo Pwogram G&T ap fè w konnen dat ak kote y ap bay tès la.

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

SIYATI ELÈV LA | NON ELÈV LA | DEZYÈM NON ELÈV LA | DAT ELÈV la FÈT (mwa/jou/ane)

OSIS OSWA # ID ELÈV LA (si genyen) | KLAS ELÈV LA AP FÈ | KLAS L AP FÈ AN 2010-2011 | GASON OSWA FI (si w vle reponn)

NIMEWO KAY | NON RI | # APT

VIL | BOROUGH | ETA | KÒD POSTAL

SITIYASYON LEKÒL LA NAN MOMAN AN (Nan ki lekòl timoun lan ye kounye a? Chwazi youn.)

❒ Lekòl leta vil Nouyòk (lekòl ki pa *charter school*) ❒ Charter school vil Nouyòk ❒ Pwogram òganizasyon kominotè (CBO) ❒ Lekòl prive oswa pawasyal ❒ Pa lekòl

NON LEKÒL ELÈV LA YE A KOUNYE A | DBN LEKÒL LA (si w konnen li)

ENFÒMASYON SOU SÈVIS POU TÈS LA

Nan ki lang ou ta renmen pitit ou pran tès la? (Chwazi yon sèl.)

❒ Angle ❒ Arab ❒ Bangali ❒ Kantonè ❒ Mandaren ❒ Kreyòl Ayisyen ❒ Koreyen ❒ Ris ❒ Panyòl ❒Oudou

Èske pitit ou genyen pwoblèm pou wè epi sa fè li bezwen yon *FM Unit* pou evalyasyon an?

❒ Wi ❒ Non

Èske pitit ou genyen pwoblèm pou tande epi sa fè li bezwen yon liv gwo karaktè *FM Unit* pou evalyasyon an?

❒ Yes ❒ No

ENFÒMASYON SOU PARAN OSWA GADYEN

SIYATI PARAN OSWA GADYEN LEGAL | NON PARAN OSWA GADYEN

NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL | LÒT NIMEWO TELEFÒN | ADRÈS IMÈL

SIYATI

Mwen ta renmen yo evalye pitit mwen an pou yon plas nan Pwogram G&T pou ane akademik 2010/-2011 lan. Mwen li tiliv enfòmasyon sou tès pou Pwogram G&T *Gifted & Talented Program Test Information* la, epi mwen konnen orè, evalyasyon, kritè kalifikasyon ak kritè plasman ki gen pou wè ak pwosesis pwogram G&T. Enfòmasyon mwen bay yo presi e kòrèk. Mwen dakò pou pitit mwen an prezante nan dat y ap bay tès la.

SIYATI PARAN OSA GADYEN LEGAL: _____ DAT: _____

SONJE:

Si w chwazi pou ranpli yon fòm RTF sou papye, tanpri men sa pou fè :

- Si pitit ou a nan nan yon lekòl leta nan vil Nouyòk kounye a, soumèt fòm sa a nan lekòl li a nan dat vandredi 6 novanm 2009 oswa anvan.
- Si pitit ou pa nan yon lekòl leta vil Nouyòk kounye a, soumèt fòm sa a nan youn nan Biwo enskripsyon Borough ki endike pi ba nan dat vandredi 6 novanm 2009 oswa anvan.
-

Borough	Adrès Biwo enskripsyon *Borough* a	Telefòn	Distric yo sèvi
Bronx	*1 Fordham Plaza, 7th Floor* *Bronx, NY 10458*	718-741-8495	7, 9, 10
Bronx	*1230 Zerega Avenue* *Bronx, NY 10462*	718-828-2975	8, 11, 12
Brooklyn	*1780 Ocean Avenue* *Brooklyn, NY 11230*	718-758-7687	17, 18, 22
Brooklyn	*415 89th Street* *Brooklyn, NY 11209*	718-759-4914	20, 21
Brooklyn	*29 Fort Greene Place* *Brooklyn, NY 11217*	646-596-1814	13, 14, 15, 16
Brooklyn	*1665 St. Mark's Avenue* *Brooklyn, NY 11233*	718-240-3600	19, 23, 32
Manhattan	*333 Seventh Avenue, 12th Floor* *New York, NY 10001*	212-356-3700	1, 2, 4
Manhattan	*388 West 125th Street, 7th Floor* *New York, NY 10027*	212-342-8300	3, 5, 6
Queens	*28-11 Queens Plaza North* *Long Island City, NY 11101*	718-391-8386	24, 30
Queens	*30-48 Linden Place* *Flushing, NY 11354*	718-281-3791	25, 26
Queens	*82-01 Rockaway Boulevard* *Ozone Park, NY 11416*	718-348-2929	27
Queens	*90-27 Sutphin Boulevard* *Jamaica, NY 11435*	718-557-2774	28, 29
Staten Island	*715 Ocean Terrace, Building A* *Staten Island, NY 10301*	718-420-5629	31

Anjeneral, Biwo Enskripsyon *Borough* yo louvri apati 8è00a.m. jiska 3è00p.m., lendi rive vandredi.

EGZAMEN OTIS-LENNON POU DETÈMINE APTITID ELÈV LEKÒL
MODÈL POU ELÈV PRATIKE JAN POU YO PRAN EGZAMEN AN

Chè Paran oswa Gadyen legal,

Nou mete avèk lèt sa a Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitid elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT) : Setyèm edisyon, modèl pou elèv pratike jan pou yo pran egzamen an. Ou ka itilize modèl egzamen sa a pou familyarize pitit ou a avèk tip kesyon yo pral poze l nan egzamen an menm. Modèl egzamen OLSAT la byen pwoteje. Se responsablite pou w pwoteje sekirite modèl egzamen an, e pou sa ou dwe mete w dakò ak nou pou bagay sila yo :

- Pa montre lòt moun oswa pa diskite avèk lòt moun, anjeneral oswa anpatikilye, kesyon nou mande nan modèl egzamen an;

- Pa fè fotokopi okenn pati nan modèl egzamen oswa nan machaswiv pou pran egzamen an;

- Sèl timoun sa yo ki gen paran oswa gadyen legal ki ranpli yon aplikasyon pou yo evalye yo pou admisyon nan yon Pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented* (G&T) Depatman Edikasyon vil Nouyòk *NYC Department of Education* (NYCDOE) ka itilize modèl egzamen sa a.

Pou paran timoun ki nan klas Prematènèl *Pre-K* **:** Tanpri sonje ke nou pa p atann nou aske elèv yo *bubble* kesyon yo nan liv egzamen an; sepandan, yo dwe ka endike presizeman avèk yon kreyon repons yo chwazi pou chak kesyon.

OLSAT

Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitid elèv lekòl
Setyèm edisyon

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon

Esplikasyon pou bay elèv la sou jan pou l fè modèl egzamen an
Nivo A

Harcourt Assessment

015861030X

Copyright © 2006 Harcourt Assessment, Inc.
Se *Harcourt Brace and Company* ki gen *Copyright* © edisyon estanda 1995 lan.
Tout dwa rezève. Moun pa gen dwa repwodui oswa transmèt okenn pati piblikasyon sa a nenpòt ki jan oswa pa okenn fòm kit elektwonik oswa mekanik, pa egzanp fotokopi, anrejistreman, oswa okenn fason pou konsève enfòmasyon , oswa sistèm pou pran kèk enfòmasyon ladan atit rechèch pou w itilize pou lizaj pèsonèl san pèmisyon ekri mezon edisyon an. *HARCOURT* ak *Logo Harcourt Logo* se mak komèsyal ki se pwopriyete Harcourt, Inc., ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitid elèv lekòl *Otis-Lennon School Abiliti Test* (OlSAT) se yon mak komèsyal ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Nou te pibliye anvan sa pati nan travay rechèch sa a. Dokiman sa a enprime Ozetazini.

Esplikasyon pou bay Modèl egzamen aptitid la

Rezon ki fè n ap bay pitit ou a Egzamen pratik sa a se pou prepare l pou li pran Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitid elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test* (OLSAT), konsa pou li ka vin abitye l avèk kalite kesyon k ap parèt nan egzamen an. L ap aprann rekonèt jan pou l lokalize ranje sou fèy egzamen an, swiv yon ranje sou tout paj la depi agòch jiska adwat, make repons yo kòrèkteman, epi chanje repons yo lè sa nesesè.

Egzamen pratik yo ap ede elèv yo konprann sa y ap atann de yo lè yo pran egzamen reyèl la, kidonk pou diminye enkyetid yo lè y ap paran egzamen an.

Nou pa bay nòt pou egzamen pratik la. Kidonk, ou dwe bay pitit ou a tout èd ki nesesè pou l reponn kesyon yo avèk siksè. Pou w itilize pi byen egzamen an, ou dwe bay egzamen pratik la apeprè yon semenn anvan timoun lan pran egzamen regilye a. Pou ede w, w ap jwenn repons kòrèk pou kesyon yo enprime nan paj 12.

Esplikasyon espesifik pou bay pitit ou a pou l pran egzamen an

Tout esplikasyon pou w li pou pitit ou a enprime an **lèt pi fonse**. Esplikasyon pou paran yo (ou pa dwe li awotvwa) enprime an lèt regilye. Si w fè yon fot lè w ap li yon kesyon pandan egzamen an, estope yon moman epi di konsa : "Non, sa a pa bon. Koute ankò." Answit, li kesyon an oswa esplikasyon an kòrèkteman.

DI konsa :
Jodi a nou pral fè kèk aktivite enteresan ki tankou devinèt. Mwen pral ba w yon tiliv. Kite tiliv ou a fèmen jouk mwen di w sa pou fè.

Esplikasyon ki enprime an lèt fonse fasilite jan pou w di kesyon yo pou pitit ou a

Asire w ou bay pitit ou a yon tiliv, yon kreyon, ak yon gòm.

Di konsa :
Louvri tiliv ou a nan paj 3. Kounye a gade premye ranje a, kote ou wè yon ti etwal nan kòmansman ranje a. Mete dwèt ou sou etwal la.

Asire w pitit ou louvri tiliv li a kòrèkteman nan paj 3 ou mande l pou l ouvri li a.

Di konsa :
1 Lè pòtre yo kòmanse sou yon bò paj la pou l fini sou lòt bò a konsa, nou di yo an ran.

Montre l sa w di a. Pou fè sa, deplase dwèt ou de yon bò paj la jiska lòt bò a apati gòch jiska dwat.

Di konsa :
Nan ranje sa a, ou wè yon tifi k ap jwe yon pyano, yon tifi k ap fè yon desen, yon ti gason k ap jwe yon amonika, yon ti gason k ap jwe yon twonpèt, ak yon tifi k ap jwe yon vyolon. Youn nan pòtre sa yo montre yon bagay ki pa menm ak lòt pòtre yo paske li diferan de lòt pòtre yo. Ann chèche ansanm ki pòtre ki pa tankou lòt pòtre yo. Tout pòtre ki nan ranje sa a montre timoun yo ap fè yon bagay. Èske w kapab di mwen kisa ki fè youn nan timoun yo diferan de lòt yo?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

DI konsa :
Wi, egzakteman. Pòtre ki montre yon tifi k ap fè desen an diferan, pa vrè? Tout lòt timoun yo ap jwe yon enstriman. Tifi k ap fè desen an pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a.

Kounye a, m ap montre w kouman pou w make repons ou. Èske ou wè ti wonn anba pòtre yo? Nou rele ti wonn sa yo espas pou ekri repons. Etandone tifi k ap fè desen an pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a, w ap nwasi ak kreyon ou espas ki anba tifi k ap fè desen an. Se konsa ou make repons ou.

Montre pitit ou a jan pou l make repons li nan espas la. Pou l fè sa, l ap fè yon ti wonn pou l reponn kesyon an, epi l ap nwasi li ak kreyon li. Pitit ou a pa bezwen plen nèt ak min kreyon an ti wonn ki rezève pou repons lan, epi li pa bezwen nwasi ak kreyon li tout espas ki nan wonn lan. Montre pitit ou jan pou l efase yon repons li vle chanje. Lè w fin kòmanse bay egzamen an, asire w pitit ou a ap swiv espliksayon yo kòrèkteman.

Jenn timoun yo ap benefisye lè w montre yo jan pou yo make respons yo nan espas yo mete pou sa a.

Di konsa :

***2 Kounye a, mete dwat ou sou ranje ki gen parapli a. Nan ranje sa a, ou wè kèk fòm ki gen ti sèk. Youn nan fòm sa yo pa menm ak lòt yo. Ki fòm ki pa menm ak lòt yo?**

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, egzakteman. Wi, dènye repons lan se li ki kòrèk, pa vre? Fòm sa a pa menm ak lòt yo paske sèl li ki gen yon wonn blan nan zòn nwa a. Tout lòt yo gen yon wonn nwa nan zòn blan an. Make espas ki anba dènye fòm lan. Èske w konprann sa pou w fè?

Lè moun eksplike avèk atansyon, sa ede timoun yo konprann **pou kisa** move repons lan pa bon.

Di konsa :

3 Mete dwèt ou sou pwochen ranje a, sa ki gen kè a. Asire w ou ka wè espas pou mete repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk pòtre timoun k ap fè aktivite diferan. Make espas anba pòtre ki pa menm ak lòt pòtre yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou dwe make espas ki anba premye pòtre a—sa ki gen ti gason k ap monte nechèl la—paske tout lòt pòtre yo montre timoun k ap sote. Èske w konprann pou kisa se premye pòtre a ki se repons kòrèk la?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 3 a. Ba li plis eksplikasyon si sa nesesè. Answit al li kesyon 4 la.

Di konsa :

4 Kounye a fè dwèt ou desann sou paj la pou w mete l sou ranje ki gen kreyon an. Asire ou ka wè espas pou mete repons lan. Nan ranje sa a, ou wè kèk sèk ki gen flèch ladan yo. Make espas anba sèk ki pa menm ak lòt sèk yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, twazyèm sèk la pa menm ak lòt yo, pa vrè? Twazyèm sèk la gen flèch ki ale nan direksyon opoze youn ak lòt. Lòt sèk yo gen flèch ki ale nan diferan direksyon, men sèlman nan twazyèm sèk la, gen flèch ki ale nan direksyon opoze. Èske w konprann?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :
Si w make espas ki anba yon lòt sèk, efase l, epi make espas ki anba twazyèm sèk la.

Pran yon ti pòz pou bay pitit ou a tan pou l efase, e pou li make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :
Kounye a vire paj la. Ou dwe wè yon ti règ nan kòmansman premye ranje a.

5 Mete dwèt ou sou premye ranje a, sa ki gen règ la. Toupre règ la ou wè kat bwat. Nan premye bwat ki anlè a, gen pòtre yon wout. Nan bwat ki toupre li a gen yon oto. Wout ak oto a ale youn ak lòt yon sèten fason. Nan premye ti kare ki anba a, gen yon ray tren. Lòt ti kare a vid. Kounye a, gade ranje pòtre ki akote ti kare yo, epi imajine sa ki dwe nan ti kare vid la. Kisa ki ale ak ray tren an menm jan oto a ale ak wout la? Make espas ki anba repons ou a.

Eksplike pitit ou a an detay tout chanjman nan prezantasyon egzamen an.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Èske w jwenn repons lan?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, tren an dwe matche nan bwat vid la. Tren an ale ak ray tren an menm jan oto a ale ak wout la. Lòt repons yo mete kòm chwa yo—yon estasyon, yon kamyon, ak yon enjenyè—pa ale ak ray tren an menm jan yon oto ale ak yon wout. Èske w konprann pou kisa se tren an ki se repons kòrèk la?

Nou pèmèt ou pran yon tan san limit pou Egzamen pratik la pou asire pitit ou a konprann pwosesis la.

Asire w pitit ou a konprann kesyon 5 lan. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :
6 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje kote ou wè pyebwa a. Nan de kare ki anlè

yo, ou wè yon gwo triyang nwa ak yon ti triyang blan. Triyang sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Nan premye kare ki anba a, gen yon gwo kare nwa. Kounye a gade ranje fòm ki akote bwat yo. Ki fòm yo dwe mete nan bwat vid la? Ki fòm ka ale ak yon gwo kare nwa menm jan yon ti triyang blan ale ak yon gwo triyang nwa?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Kòrèk, ou dwe mete ti kare blan an nan bwat vid la. Ou dwe make espas ki anba ti kare blan an pou montre se repons ki kòrèk la. Èske w konprann pou kisa?

Reponn tout kesyon yo. Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :
7 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje a kote ou wè yon mato. Gade pòtre ki nan de bwat anlè yo. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Reflechi sou jan pòtre sa yo ale youn ak lòt.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :
Kouman de pòtre ki anlè yo ale youn ak lòt?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, premye pòtre a se yon bokal epi dezyèm pòtre a se bouchon yon bokal. Kounye a gade pòtre ki anba a. La a, ou wè yon bwat katon. Imajine sa yo dwe mete nan espas vid ki akote bwat katon an. Make espas ki anba repons ou.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Kisa ki ale ak lòt bwat katon an menm jan bouchon yon bokal ale ak bokal la?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, yon kouvèti bwat katon ale avèk yon bwat katon menm jan yon bouchon bokal ale ak bokal la. Si w te make espas ki anba yon lòt repons, efase l, epi make espas ki anba kouvèti bwat katon an.

Ankouraje pitit ou a mete l alèz pou efase repons ki pa bon pou l chanje yo.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase repons ki pa bon an, epi pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :
Èske w konprann sa ou fèk fè a?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w. Epi al li kesyon 8 la.

Di konsa :

8 Mete dwèt ou sou dènye ranje a, sa ki gen chosèt la. Gade fòm ki nan de bwat ki anlè yo. Fòm sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a gade fòm ki nan premye bwat ki anba a. Imajine sa ki dwe nan espas vid ki akote li a. Answit, chèche repons ou nan ranje ki akote bwat yo, epi make espas ki anba li a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ou dwe make espas pou repons ki anba twazyèm pòtre a. De ti sèk yo ale avèk twa ti sèk yo menm jan de ti rektang yo ki nan ranje anwo a ale ak twa ti rektang yo. Èske w konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon yo. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :

Kounye a, gade anlè pwochen paj la. Ou dwe wè yon ti chèz nan kòmansman premye ranje a.

Nou mete nan Egzamen pratik la tout aptitid n ap evalye nan OLSAT la.

9 Mete dwèt ou sou premye ranje a, kote ou wè chèz la. Asire w ou ka wè espas pou pitit ou a mete repons lan. Gade blòk pou konstriksyon ki akote ti chèz la. Chèche chif ki egzakteman anba yon kè. Nan pwochen pati ranje a, make anba chif sa a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki chif ki egzakteman anba yon kè?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, chif 2 a se sèl chif ki egzakteman anba yon kè. Chif 3 a akote yon kè, men li pa anba yon kè. Chif 5 lan anlè yon kè, epi chif 6 la akote yon kè. Èske w konprann pou kisa se chif 2 a ki se repons kòrèk la? Leve men w anlè si w pa konprann sa w sot fè a.

Reponn tout kesyon yo. Answit al li kesyon 10 la.

Di konsa :

10 Mete makè w sou pwochen ranje a, kote w wè sizo a. Make espas ki anba pòtre ki montre : yon tifi ki chita ant yon chen e yon chat, epi l ap gade *yon show* nan televizyon. Gen yon lanp padèyè televizyon an.

Lè w enkli Lèza nan pwosesis egzamen an, li vin mwen difisil pou pitit ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Èske w make anba premye pòtre a? Premye pòtre a se sèl pòtre ki montre yon tifi ant yon chat ak yon chen, avèk yon lanp dèyè televizyon an.

Reponn tout kesyon yo. Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :
11 Kounye a mete dwèt ou sou pwochen ranje a, kote ou wè bato a. Gade pòtre nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Ou dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Nan pwochen pati ranje a, mete repons ou anba pòtre ki montre sa ou dwe mete nan bwat la.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, ou dwe make espas ki anba twazyèm pòtre a. Nan bwat ki nan kòmansman ranje a, pòtre yo reprezante yon ti chen k ap vin pi gwo ofiyamezi. Nan twazyèm pòtre a gen yon gwo chen, kidonk se li pou w mete nan bwat vid la. Èske w konprann pou kisa se sèl twazyèm pòtre a ki kòrèk?

Egzamen pratik la gen ladan l kesyon pou tout nivo difikilte, pou pitit ou ka aprann sa l ap gen pou konfwonte nan vrè egzamen an.

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w, e bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :
Si w pa te make repons ki anba twazyèm pòtre a, efase repons ou a, epi make repons ki anba twazyèm pòtre a.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, epi pou l make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :
12 Mete dwèt ou sou dènye ranje a, sa ki gen lakansyèl la. Gade bwat ki akote lakansyèl la. Gen nan bwat la kèk sèk ki gen lèt ladan yo. Nan pwochen pati ranje a, souliyen lèt ki anndan toulède sèk yo.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :
Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, twazyèm repons lan se li ki kòrèk la, pa vre? Se sèl lèt C ki anndan toulède sèk yo. Lèt B ak D yo chak anndan yon sèl wonn, epi lèt A pa anndan de sèk yo. Si w te make espas ki anba yon lòt lèt, efase repons ou a, epi make espas ki anba lèt C a. Èske w ta vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon pitit ou a poze w.

Di konsa :
Kounye a vire paj la. Ou dwe wè yon ti men nan kòmansman premye ranje a.

Asire w pitit ou ap gade anwo paj 6 la.

Di konsa :
13 Gade pòtre ki nan bwat ki akote men an. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Ou dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Ann kalkile ansanm sa pou n mete nan espas sa a. Nan ranje ki anlè bwat la, gen yon sèk blan, apre li se yon sèk nwa, epi yon lòt sèk blan. Nan ranje ki toupre bwat la, gen yon kare blan, e apre yon kare nwa, epi apre yon lòt kare nwa. Nan dènye ranje a, gen yon triyang blan, e yon triyang nwa ki vini apre. Kisa ou dwe mete nan espas vid la?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Kòrèk, dwe genyen yon triyang blan nan espas vid la. Ou mete repons ou anba triyang blan an pou montre se repons ki kòrèk la. Èske w konprann sa ou fèk fè a?

Bay pitit plis eksplikasyon si sa nesesè pou li kapab konprann.

Di konsa :
14 Kounye a mete dwèt sou pwochen ranje a, sa ki gen sèvolan an. Souliyen bwat ki gen yon triyang ki akote yon kare ki gen yon sèk anndan li.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons li.

Di konsa :
Èske w make premye repons lan? Se sèl repons ki gen yon triyang akote yon kare ki gen yon sèk anndan li. Èske w konprann pou kisa lòt repons yo pa bon?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 14 la.

Di konsa :
Al nan pwochen ranje a, kote ou wè ti tab la.

15 Koute. Peter manje de tranch pitza w ap gade nan kòmansman ranje a. David

manje egzakteman menm kantite tranch pitza ak Peter. Nan pwochen pati ranje a, mete repons ou anba pòtre ki montre konbyen tranch pitza David manje.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :
Èske w chwazi dezyèm repons lan, kote gen de tranch pitza a? Peter manje de tranch pitza, epi si David manje egzakteman menm kantite, kidonk li manje de tranch tou. Èske w konprann?

Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :
16 Kounye a mete dwèt ou sou dènye ranje a, kote ou wè ze a. Make anba pòtre ki montre : Nan yon vitrin magazen, gen de bagay moun ka mete sou yo ak yon bagay pou moun jwe.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :
Ki pòtre ou make?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :
Wi, katriyèm pòtre a se sèl pòtre ki montre de bagay pou moun mete sou yo ak yon bagay pou moun jwe. Èske w konprann pou kisa se katriyèm pòtre a ki se repons kòrèk la?

Asire pitit ou a konprann kesyon 16 la.

Di konsa :
Se tout sa n ap fè pou kounye a. Depoze kreyon ou. Nan kèk jou, nou pral fè kèk lòt pwoblèm tankou sa yo. Yo pral vin parèt fasil pou ou, paske ou pral sonje kouman pou w fè yo. Fèmen tiliv ou a yon jan pou premye paj kouvèti a ka pa anwo.

Montre kouman pou l fè sa. Answit pran tiliv egzamen an nan men li. Konsa ou fini Egzamen pratik la.

Lis repons kòrèk yo.

1	2
2	5
3	1
4	3
5	2
6	3
7	2
8	3
9	1
10	1
11	3
12	3
13	4
14	1
15	2
16	4

Level A

OLSAT

Otis-Lennon School Ability Test

Seventh Edition

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon



PRACTICE TEST

Harcourt Educational Measurement

A Harcourt Assessment Company

0154610003

Copyright © 1996 by Harcourt, Inc. Standardization edition copyright © by Harcourt, Inc. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or transmitted in any form or by means, electronic or mechanical including photocopy, or any information storage and retrieval system, without permission in writing from the publisher. The Harcourt logo is a trademark of Harcourt, Inc. Printed in the United States of America.

Practice Test
Level A

1



2



3

4



5







6



7







8







9



2 ○ 3 ○ 5 ○ 6 ○

10



○ ○ ○ ○

11



○ ○ ○ ○

12



A ○ B ○ C ○ D ○

13



14

15



16



STOP